Ассаламу гIалайкум

# ЦIумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2020 соналъул 5 июнь Рузман №25 (7622) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гьурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## ТIолгороссиялъулаб гьаракькьей

1 июль чIезабун буго РФялъул Конституциялда хиса-басиял гьариялда разилъиялъул хIакъалъулъ ТIолгороссиялъулаб гьаракь кьолеб къолъун.

Гьеб къо лъазабун буго гIодобкъолъунги.

**Токалъул мухъ**

## ХIалтIи хехаб къагIидаялъ тIубана

Гъоркьоса къотIичIого пулел гьуразулги чвахун рарал цIадазулги хIасилалда, анкьазарго чияс гIумру гьабулеб рай-



оналъул тIасияб участкаялъул росабалъе щолеб ток гьоркьоб къотIун букIана гьал къояз. КIикъого трансформаторалъул станция хIалтIулеб букIинчIо.

Хьаргаби электросеталъул производственнияб управлениялъул нухмалъулесул заместитель МухIамад Мусаевасул рагIабазда рекъон 1 июналда Агъвалиса бачIун буго ахIи Агъвали-Эчеда 35 кВялъул токалъул анцIила лъабабилеб мухъ чIезабизе кколеб бугилан.

Нахъисеб къоялъ рогьалильго бетIералда Хьаргаби электросеталъул производственнияб управлениялъул нухмалъулев Дауд Нажмудиновгун авария ккараб бакIалде щвана микьго хIалтIухьангун ва хасаб лъабго техникагун бригада.

РачIинахъего гьез хал гьабуна авария ккараб участкаялъул, батана гьениб ккараб жагьалльи ва байбихьана хIалтIи.

Авария ккеялъе гIиллалъун батана къурабигун цадахъ ракь ччукIун, гьаваялдаса унеб токалъул мухъалъул кварал тIезари. Радал сагIат щугоялда байбихьана гьеб бригадаялъ токалъул мухъ къачIазе. ЗакIикь кьодухъан байбихьун эхеде росабалъе токалъул мухъалъул хал гьабун районалда бугеб бакIалъулаб участкаялъул бригадаги ана. Кьалъул гIужда цебе тIубанго токалъул мухъги къачIан, районалъул тIасияб участкаялда ругел росабалъе канлъи кьуна.

Гьаниб абичIого рес гьечIо гьеб бригадаялъул жигарчилъиялъул ва жиндир заманалда гьабулеб иш рукIалиде ккезабизе гьезул бугеб бажариялъул хIакъалъулъ.

Районалъул администрациялъ ва тIасияб участкаялъул гIадамаз кIудияб баркала загьир гьабулеб буго Хьаргаби электросеталъул производственнияб управлениялъул ва нильер бакIалъулаб участкаялъул хIалтIухъабазе хехаб къагIидаялъ токалъул мухъ рукIалиде ккезабиялъухъ.

**Заур Бадрудинов**

## Райбольницаялъе реаномобиль щвана




Райбольницаялъе дагьалъ цебе щвана Ульяновскиялъул автомашинаби гьарулеб заводалъ къватIибе биччараб «С» тайпадулаб, захIматго унтаразе чара гьечIого хIажалъулеб гьуърузе хIухьцIазе кумек гьабулеб ИВЛ ва цогидалги хасал аппаратаздалъун хьезабураб, мугIрузул нухазда квал-квал гьечIого хьвадизе ярагьунеб реаномобиль.

Райбольницаялъул бетIерав тохтур Хейруланам Дибирасулаевас баркала загьир гьабулеб буго республикаялъул сахлъи цIуниялъул министерствоялъул нухмалъиялъе COVID-19 вахIшияб унти киса кибего тIибитIараб захIматаб гьаб заманалда райбольницаялъе гьабураб ва гьабулеб кумекалъухъ.

-ГьабсагIат коронавирусалъулаб инфекциялъ унтаразул къадар дагьлъулеб бугин абуниги бегьила. Кислородалдалъун гьуърул хьезарулел захIматго унтарал райбольницаялда гьечIо. Пандемиялъул захIматаб кIиго моцI мустахIикъго, жидерго махщелги бихьизабун, макьу кIочонтарал сордо-къойил дежурстваби унтаразда аскIорги ран регIанин абизе цудунго бугониги, бегьила нижер хIалтIухъабаз.

Машина нилъее чара гьечIеб буго: рикIкIадал росабалъе ругел эхедераял квал-квал гьечIого нахъе тезеги, мугIрузул районазул шартIазда хIалтIизеги «ругьунал» ярагьунел руго гьел, -ян бицана бетIерав тохтурас.

Гьанибго абун тела, цIияб машинаялда тахшагьаралъул больницабазде захIматго унтарал щвезарулел ругин ва гьелъул шофер МухIамадзагьид ГIалиевас бицухъе, унтарал рази руго «тамахаб» машинадул «рилълъиналдаса".

**Хадижат Залимханова**

## Дезинфекция гьабуна

Дагъистаналъул цогидал шагьаразда районазда гIадин, нильер районалдаги Россиялъул МЧСалъул къуваталдалъун гьаруна коронавирусалъул инфекция тIибитIиялде данде профилактикиял тадбирал.



29 маялда Агъвали щвана МЧСалъул Самара областалъул БетIераб управлениялъул специалистал. Гьез районалъул централда аслияб къватIазда, больницаялда, гимназиялда, мажгиталда ва цогидалги учреждениябаздагун организациябазда, тукабазда сверухъ ва цогидалги гIадамал руссунел жамгIиял бакIазда гьабуна дезинфекция.



Гьеб хIалтIулъ гIахьаллъана анцIила щуго специалист ва лъабго техника. Дезинфекция гьабиялъул мурад букIана коронавирусалъул инфекциялдаса цIикIкIараб къагIидаялъ гIадамал цIуни ва бажарун гьезие хIинкъигьечIолъи букIинаби.

Гьебго къоялъ дезинфекция гьабуна ТIинди росулъги.

## Унеб буго подписка

**Хириял районцоял!**

Унеб буго 2020 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе подписка гьаби.

Бокьилаан газеталъулгун нужер щулияб бухьен букIине. Хьвай ва цIале нилъерго гIагараб газета.

**Бащдаб лъагIалие газеталъул багьа 252 гьур.**
**Индекс -51377**

Баркалаялъул кагътал

## Свак-чIалгIен лъазе течIого хIалтIулел руго

Жакъа инсанасул сахлъи цIуниялъул фронталъул цересел кьерда "бихьулареб тушмангун" рагъ балел руго нилъер райбольницаялъул хIалтIухъаби. Бигьаяб гьечIо жакъа гьез тIубалеб хIалтIи. ГIумруялъе хIинкъи бугониги, рагъда гIадин, кьварараб низамги къохIехьейги буго гьезул хIалтIулъ.

БетIерав врачасул нухмалъиялда гъоркь больницаялъул хIалтIухъабаз ракIбацIцIадго ва кIудияб гIаданлъиялда гьабулеб буго гьаб захIматаб ва хIинкъи цIикIараб заманалда унтаразе хъулухъ. Къаси-къад батIалъи гьечIого, хъизан-лъималги рехун тун, анкьалъги кIиго анкьалъги рокъореги инчIого, свак-чIалгIен лъазе течIого, рокъор ругезул бицун зигардичIого хIалтIулел руго гьел унтаразул сахлъи рукIалиде ккезабиялда тIад.

Больницаялда чIезарун руго хIажатал дараби ва алатал, гIуцIун руго шартIал. ХIалтIухъабазул унтараздехун буго берцинаб бербалагьи ва адаб гьаби.

Бокьун буго дирго рахъалъан кIудияб баркала загьир гьабизе бетIерав врач Хейрулланам Дибирасулаевасе, гьесул нухмалъиялда гъоркь хIалтIулел врачазе, медсестрабазе ва санитаркабазе. Хасго кIудияб баркала буго врач-терапевт МухIамад ЯхIяевасе.

Аллагь разияб хIалалъ хьвадизе сахлъи кьеги нужее ва нужер хъизан-лъималазе.

**МухIамад ГIабдулаев,** райСобраниялъул депутат, Хуштада росу.

## СахаватчагIазе баркала

***Кварана ль кьураб квегIалда лъачIел... ЦIунаги Аллагьас сахаватчагIи...***

Инсанасул гIамал-хасият тIаде къо ккедал лъалеб букIун буго. Руго цо-цо гIадамал къварилъиялде ккедалцин гIарцуда хадур чIарал: нус-нус килограмм имбиралъул босун гьеб хираго бичизе лъугьана цо-цоял. Гьединго тукабазул бетIергьабаз багьаби тIаде рорхана… Квещазул бицун бахъунарин.. Бисмиллаги бахъун чIобого имбирги ва цогидал продуктаби росизе рачIаян МахIачхъала шагьаралъул ГIазиз ГIалиевасул къотIноб бугеб тукадул «Царица-корица» тукадул бетIергьанас гьарулеб букIана гIадамазда ва кьолебги букIана. Гьединазе кьеги Аллагьас ризкъи ва сахлъи. Гьаб кIиго моцIалъ районалъул росабалъе рачIунел рукIана КАМАЗал. ЦIар бицине бокьичIел сахаватал дагъистанияз бикьулеб букIана ханжу, чакар, пиринчI ва цогидалги продуктаби. ГIадамазда цIарал тIатичIониги, ТIадвугесда кинабго бихьулеблъидал. ЛъикIал ишазул цIадирабазда лъезе жо хIадур гьабурал гьел садакъачагIазе киналго гIадамаз дугIа гьабулеб буго. ЦIунаги гьел бальгоял ва тIатарал балагьаздаса, цIикIкIаги гьединазул магIишат.

Мискинал чагIи цIикIкIана. Пенсияги, харжги щоларел, жидецаго бетIербахъи гьабун хъизан хьихьулел рукIарал бихьиназе рес гьечIо хIалтIизе. БитIахъе гьезда гурхIула..

Нилъер аварагас (с. т. гI. в.) бусурбабазда бичIчIизабун буго гIемерго дунялалъул магIишат бокьиялъ инсан гIодогIан гьавулеблъи, щай гурелъул гьелдасан инсан гIорцIуларев вукIун. «Адамил лъимералъул кIиго авлахъ цIураб месед бугониги, гьесие лъабабилебги, ункъабилебги бокьизе букIана, щай гурелъул Адамил лъималазул бер цохIо ракьалдасан гуро гIорцIуларо».

Хвараз цохIо мусру гуреб босисе гьечIелъул, гьедигIан хьарсинлъун рукIине ккеларо. Кьураб гурони батуларо абадияб рокъоб.

Аллагь гурхIаги киназдаго, тIаса босаги гьаб бихьулареб балагь!

**P.S.** Хасаб бакI садакъачагIазда гъоркьоб ккола «Инсан» фондалъ. Гьеб фондги гIуцIцIун буго гIадамазул садакъаялъ. Нус-нус чияс жодорго магIишаталдаса тIасан бахъулеб буго закагIат. Аллагь гурхIаги гьеб щвезе кколеб бакIалда щвезабизе квербакъулел фондалъул хIалтIухъабаздаги, гьеб гIуцIараздаги.

**«Нилъер чияр чи лъазе,**
**Чи холареб рагъ ккаги»**

**Загьрат МухIамадова,**
Инхокъвари росу

<u>Рукъият Амагаева</u>

## Дие бокьун гьечIо гьанже замана

Дие бокьун гьечIо гьанже замана,
Гьарзалъи бугогIан гIорцIи лъалареб.
ГIарац меседалъул хIалго гIолареб,
ГIадан хьантIиялъул гIорхьиго гьечIеб.

Дие бокьун гьечIо гьанже замана,
Эбел-инсухъ урхъун ракI тIамулареб.
КIодо-эбелалъухъ сордо балареб,
Яц-вацазде ракI щун щвезе унареб.

Дие бокьун гьечIо гьанже замана,
ГIарац цIикIкIанагIан намус камулеб.
Кепкал тIокIлъанагIан яхI учузлъулеб,
Чвантихьги ралагьун гьудуллъи кколеб.

Дие бокьун гьечIо гьанже замана,
Бечедав чи вихьун бетIер къулулеб.
Мискин пакъирасул къимат лъалареб,
Данде гьабун гуреб гIаданлъи гьечIеб.

Дие бокьун гьечIо гьанже замана,
Къварилъаби рихьун чи кантIулареб.

ГIадамал унтараб, хвел гIемерлъараб,
Хвалил ургьелалъул ххвелал гьарулеб.

Дие бокьун гьечIо гьанже замана,
Рихьдай хьвади гьабун "тIомал ччукIулеб".
ЧIухIигун къацанди къецалъ хIалтIулеб,
Цоцада нахъасан, гьибат гьабулеб.

Дие бокьун гьечIо гьанже замана,
Как - дин цIилъанагIан гIадлу чучлъулеб.
ЦIи - цIиял гIелаца адаб рехараб,
Цоцазулъ гьуинлъи цIакъ мукъсанлъараб.

Дие бокьун гьечIо гьанже замана,
Жидейго гурони "хьаг гьалулареб".
РакI рагьун ккунагIан божилъи холеб,
Рохел - аваданлъи данде кколареб.

Цогидалги какун, дун ещцун гуро,
"Дунгоги нуж гIадай, нужги дун гIадал!"
Ахир заманайин ракIалдаги ккун,
ГIадлу бихxун буго гьанже халкъалъул.

Аукцион

# Извещение

### о проведении аукциона

**Организатор торгов:** администрация муниципального района "Цумадинский район"

**Юридический адрес организатора торгов:** 368900, Республика Дагестан, район Цумадинский, село Агвали, адрес электронной почты: tsumadarayon@e-dag.ru

**Контактное лицо организатора торгов:** начальник отдела экономики и имущественных отношений МР «Цумадинский район» Магомедов Х.Г.

телефон – 89604196175

**Реквизиты решений о проведении торгов:** распоряжение главы муниципального района "Цумадинский район" «О проведении торгов в форме аукциона по предоставлению в аренду земельного участка, находящегося в муниципальной собственности» №37-р от «21» апреля 2020г.

**Форма торгов:** аукцион, открытый по составу участников

**Официальный сайт:** http://torgi.gov.ru

**Место проведения аукциона:** Республика Дагестан, район Цумадинский, село Агвали, здание администрация МР "Цумадинский район"

**Дата и время проведения аукциона:** 13 июля 2020 г. 10 ч. 00

**Лот №1**

**Предмет аукциона:** аукцион на право заключения договора аренды земельного участка;

**Местоположение земельного участка:** Республика Дагестан, Цумадинский р-н, с. Агвали, ул. С. Муртазалиева, 1/1;

**Площадь земельного участка:** 1834,00 кв. м;

**Кадастровый номер земельного участка:** 05:38:000001:2323

**Права на земельный участок:** право собственности (Номер и дата государственной регистрации права: 05:38:000001:2323-05/005/2017-1 от 11.12.2017г.);

**Ограничение прав на земельный участок:** не зарегистрированы;

**Разрешенное использование земельного участка:** растениеводство;

**Категория земельного участка:** земли населенных пунктов;

**Сведения о максимально и (или) минимально допустимых параметрах разрешенного строительства объекта капитального строительства:** согласно правилам землепользования и застройки сельского поселения МО «село Агвали» Цумадинского района Республики Дагестан.

**Сведения о технических условиях подключения (технологического присоединения) объекта капитального строительства к сетям инженерно-технического обеспечения, предусматривающих предельную свободную мощность существующих сетей, максимальную нагрузку и сроки подключения объекта капитального строительства к сетям инженерно-технического обеспечения, о сроке действия технических условий, о плате за подключение (технологическое присоединение) на дату опубликования указанного извещения:** имеется возможность подключения к сети электроэнергии от ЛЭП 10/0,4кВ, к газовой сети от внутрипоселковой газовой сети среднего давления (ГРПШ), к водоснабжению от внутрипоселковой водопроводной сети.

**Начальная цена предмета аукциона:** Лот № 1: 10464,165 (десять тысяч четыреста шестьдесят четыре) рублей 165 копеек.

**Срок аренды земельного участка:** Лот № 1: 10 лет.

**Порядок приема заявок на участие в аукционе:** Для участия в аукционе заявители представляют организатору торгов лично (или через своего представителя на основании надлежащим образом оформленной доверенности) либо почтовым отправлением, с указанием на конверте «Заявка на участие в аукционе и предмет аукциона» в установленный в извещении о проведении аукциона срок. Поданная заявка регистрируется в журнале регистрации заявок с указанием даты и времени подачи заявки. адрес места ее приема заявок: Республика Дагестан, район Цумадинский, село Агвали, в здании администрация МР "Цумадинский район"

**Дата и время начала и окончания приема заявок на участие в аукционе:** с 05.06.2020 г. 10 ч. 00 мин. по 10.07.2020 г. 17 ч. 00 мин. (по московскому времени)

**Размер задатка:** 20% начальной цены предмета аукциона соответствующего лота

**Дата рассмотрения заявки:** 13.07.2020 г.

**Проза**

# Тамашаяб гьой

*Биччанте хIеренаб рагIиялъ рекIелъ хинлъи бижизабизе*

**"Биччанте хIеренаб рагIиялъ рекIелъ хинлъи бижизабизе" абураб темаялда март моцIалда МахIачхъалаялда тIобитIараб авар адабияталъул республикаялъулаб конкурсалда Инхокъвари школалъул 9 классалъул цIалдохъан ХIажиясулаев МухIамадил "Тамашаяб гьой " абураб хIалтIуе щвана тIоцебесеб бакI.**

Радал тIаде вахъун, берал кIвекIулаго, дун рокъоса къватIиве лъугьана. ТIабигIаталъул берцинлъиялдаса гIорцIуларого, рагьида вахъун чIун хутIана.

Нолъ бараб чвахунцIадалъ дунял чурун букIана. Радал щобда нахъасан баккана гвангъараб бакъ. Гьелъ кьолеб букIана тIабигIаталъе ва тIолго рухIчIаголъабазе, масала: чIурччинал хурдузе, берцинал тIугьдузе, харибакIазе, ризаб рохьалъе, мугIрузегун щобазе, гъваридал кIкIалазе, харилъ ругел гIисинал рухIчIаголъабазе, рохьор ругел гIалхул жанаваразе, гIачи-бачазе, мугIрузул каранда кваналел гIиязегун цIцIаназе, хасго гIадамазе канлъиги хинлъиги.

БукIана хинаб къо. Гьедин ана бащдаб сагIат. Рокъосан дида рагIана гьаракь, дун ахIулеб. НуцIа рагьун, рокъове дун лъугьаравго, дида нуцIихъ эхетун ватана буртинаги гъуждузде бан, къватIиве лъугьине хIадурлъарав эмен.

- Жакъа мун дунгун цадахъ магIарде вилълъинищ, дир вас, - ан цIехана инсуца.

- Дун хIадурав вуго, - ян кьуна дица жаваб.

Харилъ борхьал ратизеги бегьулин, пикруги гьабун, дица хехго резиналъул мачуял ретIана ва инсуда хадув гьезе хIаракат бахъулаго, галаби хех росана.

Ниж щвана гIиял жанир ругеб бокьалда аскIоре. Инсуца, бокьалъул нуцIбиги рагьун, гIи къватIибе гьуна. Нижеда аскIое щун ятана эбел цо кинабалиго таргьагун.

- Таргьиниб щиб бугеб, баба? - ян гьикъана дица.

- Нужее магIарда кваназе цIурачадал гьаруна дица, - ян абуна гьелъ.

- Баркала, баба.

Эбелалда къвалги бан, векерун дун инсудаги гIияздаги хадув ана.

ГIиязда аскIоб дида бихьана гьой, инсуе бищун бокьулеб. Цо кидаялиго гьеб букIун буго инсул гьудуласул, Мухтарил. Мухтар хвана, кьурдаса кIкIалахъе вортун.

ГьитIинаб таращ инсуца жиндаго аскIобе бачана ва гьелъул тIалаб гьабуна. Гьой рельлъараб букIана гьалбацIалда. Инсуца «ГьалбацI» абун тана гьелда цIар.

Дир эмен ГьалбацIалъеги вокьулаан. Гьев вачIулев вукIин рикIкIадасанго лъалаан гьелда, бекерун дандеги бачIун, жиндирго квачIал лъолаан инсул гъуждузда, рачI хьвагIезабулаан, сверухъ лъугьун кIанцI-кIанцIолаан. Дида ккола, ГьалбацIалъ гьедин бихьизабулеб бугин ва бичIчIизабулеб бугин жиндие эмен вокьулевлъи.

Цере гIиялги кьотIун, магIардехун ралагьун ана ниж. КIиго сагIаталдасан ниж мегIералъул тIогьире щвана. КъалъизегIан кванана гIи. Цоцо чахъаби рехьадаса батIаги тIун, рекерун унаан цо рахьалдехун. Лъаларо, щиб гьез балагьулеб букIараб, кинаб бокьаниги, хер сверухъ букIаго. ЦIодораб ГьалбацIалъ, данде руссинарун, гIиялъе гьолаан гьел. Свакарал ва гIорцIарал гIиял рагIдукь гьогьмада регана. Эменги вегана цо кIудияб накIкIигьотIол рагIдукь, гIиязул халшал гьабизе дида тIадкъан.

Цо дагьабго заман ун букIана хIалхьиялда ва сихIкьотIиялда. Кибеялиго ун цебеса тIагIараб гьой аскIобе щвана. Гьелъул хIал хисун букIана. Рохьобехун балагьун чIечIого хIапдолеб букIана гьеб. Цебехун ун анцIго-анцIила щуго галул манзилалъ, нахъбуссун бачIунаан. Дие бокьун букIана гьеб бегизе, амма гьой цо хIалалда чIолеб букIинчIо. Ахирги, гьелъ дир хьит ккуна ва дун цIазе лъугьана. ГIодов чIаралъуса вахъун, дун ГьалбацIида хадув ана. Гьебин абуни, рохьобехун бекерана. Рохьил рагIалдаса гIемерго рикIкIад ине ккечIо.

Дида гьадинаб сурат бихьана: бегун ккун буго*ан* кIудияб накIкIигьветI. Гьелда гьоркье ккун, холеб бугоан бацI. Дида бичIчIана бацI хвасар гьабизе, кумек гьечIого бажаруларебльи. Рохьил рагIалде ун, дица ахIана эмен. Гьев хехго тIаде щвана. Нижеца хIаракат бахъулеб букIана дагьабниги гьветI эхеде борхизабун, гьотIокьа бацI борчIизабизе. ГьотIол бакIлъиялъул кутакалъ бацI чIинтIун, ракьалда седон бугин кколаан. Инсуца балагьана кIудияб гIер ва, гьебги гьотIокье биччан, дагьабго гьеб эхеде борхизабуна. ХIалихьего дида кIвана рухI бахъулеб бацI цебегIан цIазе. Гьеб ахIвал- хIалада ниж рукIаго, чIезе бакI тIагIун, цIир-цIириялда бекерахьдилеб букIана ГьалбацI.

БацI цIанбитIун бегун букIана ракьалда, гьельул бераздаса чвахараб магIица биччун букIана рас. Гьеб багьарулеб букIинчIо. ЦохIо нухалъ рагьана гьелъ чIахIиял, берцинал берал. Гьелъул цIоко букIана цIахIилаб, хвенехалда ва рачIалда рукIана чIегIерал мухъал. ТIаде балагьидал, гьедигIанго вахIшияб жанавар батилин ккечIо дида гьеб. Дир ракI гурхIулеб букIана гьелда. Ахирисеб хIухьелги цIан, бацI хвана. Лъаларо кин, нижер ГьалбацIидаги бичIчIана гьеб хвараблъи. Гьеб, зодобехун хвенехги бусинабун, зигардулеб, хIапдолеб букIана. Цояб берзул ракьандасан гирун, ракьалде тIинкIана кIудияб магIил горо.

Нижее бокьана гьеб бакIалдаса нахъе ине, амма гьой багьарулеб букIинчIо. Ниж рикIкIалъидал хадуб гьуна гьеб нижеда, гIодобе бетIерги дализабун.

Дица гьелда къвал бана, ботIрода квер бахъана. Дие бокьун букIана гьелъул кваризи дагьабниги тIаса босизе. Инсуца абуна: «КъвакIиги, лебаллъиги, гурхIелги цадахъго бессун буго гьалъул бидулъ», - ан.

МаркIачIуда ниж рокъоре щвана. Веганиги, гьеб сордоялъ дун кьижичIо. Цебеса унеб букIинчIо рохьоб бихьараб. Дица пикру гьабулеб букIана гьадинаб жоялъул: «БацIал гьабзазе тушбаби ккола ва гьез гьел тIад речIчIун чIвала. Гьедин батани, щайха ГьалбацIил ракI гурхIараб къварилъиялде ккараб бацIида? Щай гьелъие, жиндаго кIолареб мехалъ, нижеца гьеб хвасар гьабизе бокьараб? Кин ГьалбацIида бацI хвараблъи лъараб? Щай гьелъул бераздаса магIу бортараб?».

Дица диего азарго суал кьолеб букIана, амма ратулел рукIинчIо гьезие жавабал.

Сордо рогьунеб букIана. Жакъа дида бихьаралъул гьадинаб хIасил гьабуна: «Гьой гурхIулеб буго къварилъиялде ккедал гьудулалда гуребги, тушманалдаги. ГьалбацIида лъицаниги малъичIо гьаб дунялалда лъикIлъи гьабизе ккеялъул, холел хвасар гьаризе ккеялъул, гьелъ цIаличIо цониги асар бахIарчилъиялъул, яхI-намусалъул хIакъалъулъ хъвараб, гьелда лъаларо цересел наслабазул къохIехьеялъул мисалал.

Кисаха гурхIел, киса кумекалъе борти? Инсуца абухъе, бидулъищха бессун бугеб?»

Дица инсанасул пикру гьабуна…

Гьеб сордоялъ дун гьедана лъиениги ва киданиги квешлъи гьабунгутIизе, рухIчIагоябщинаб жоялъе лъикIлъи гьабизе, гурхIел-рахIму бугевлъун вукIине.

**Динияб бокIон**

# Закат

Закат ккола исламалъул аслабазул цояблъун. Гьеб бахъизе тIадаб букIиналъе далил Къуръанги, хIадисги, ижмагIги буго. Гьелде инкар гьабурав чи капурлъула. Аллагьас закат тIад гьабиялда гIемерал хIикматалги пайдабиги руго. Закат бахъиялъ мискинлъи тIагIинабула, мискиназдаги бечедаздаги гьоркьоб вацлъи-гьуинлъи щулалъизабула, кьарумлъиялдасаги бахиллъиялдасаги ракIал рацIцIад гьарула, боцIуда баракат лъола, боцIудаса балагьал нахъе чIвала.

Закат бахъичIони боцIи балагьалъе батула. Масала, закат бахъичIеб месед-гIарац бугони, гьеб цIаялъ мах кинниги багIаризеги гьабун гьеб бахъичIел гIадамазул надаздаги, хьалбаздаги, мугъздаги цузабула, гьезул гьанги бежизабула. Кьиямасеб къоялъ закат бахъичIого тарал хIайваназ боцIул бетIергьанасда лъурдул тункула, бохдуз гьев мерхьула. Гьедин гIазабазда вукIуна МахIшаралда гIадамазул хIисаб-суал гьабун бахъинегIан.

Чи хвараб мехалда гьес нахъе тараб боцIудасан, васият тIубазегIанго, ирс гьабилелде, садакъа гьабилелде, бахъичIого тараб закат бахъизе ккола. Закат бахъичIеб боцIуда балагьал рештIула, баракат гьечIолъи бачIуна.

Закат бахъани боцIул бетIергьан Аллагьас цIунула хабалъ гьабулеб гIазабалдасаги, жужахIалъул цIаялдасаги ва Алжанги гьесие насиб гьабула.

…………

# Рузман къоялъул хиралъи

Киназдаго лъан букIине ккола рузман къо кIудияб букIин. Гьеб къоялдалъун ТIадегIанав Аллагьас ислам кIодо гьабуна ва гьукъана дунялалъул ишазде руссун рукIине.

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Жабрил малаик вачIанила дихъе кодоб кенчIолеб матIуги ккун ва абунила: «Гьаб буго рузман къо, Дур БетIергьанас гьеб нужеда тIадги гьабунила, гьеб байрамлъунги букIине буго Дуеги дур умматалъеги»,-ян. Цинги дица цIехана «Нижее щибха букIине бугеб гьеб къоялъ»-ян. Гьес абуна: «Гьеб къоялъ нужее букIине буго бищунго лъикIаб сагIат. Гьеб сагIаталъ гьарараб жо Аллагьасги хъвалила. Нагагь гьеб гьесие кьолеб бутIалъун батичIони, ТIадегIанав, Къудратав Аллагьас гьев хвасар гьавизе вуго жеги кIудияб квешлъиялдасан».

Цоги Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Бакь баккулел къоязул бищунго лъикIаб рузман къо буго. Гьеб къоялъ гьавуна Адам авараг, гьеб къоялъ Алжаналъувеги лъугьана, гьеб къоялъ гьев ракьалдеги витIана. Гьеб къоялъ къабул гьабуна гьесул тавбуги, гьеб къоялъ хвезеги хвана «Гьеб къоялъ Кьиямасеб кьоги чIезе буго. Ва гьеб Аллагьасухъ буго-ахираталъул къо-гьедин абула зодор ругел малаикзабаз. Гьеб къоялъ гIадамазда Аллагьги вихьизе вуго Алжаналъув».

Цо хIадисалда буго: «Къудратав, ТIадегIанав Аллагьас рузман къоялъ жужахIалдасан анлънусазарго чи хвасар гьавулилан».

Аварагас (с.т.гI.в.) абуна: «Рузман сордоялъ яги рузман къоялъ хварав чиясе кири хъвалила ва Аллагьас цIунулила хабал гIазабалдасанги»,-ян.

**«Диналъул аслаби» абураб тIехьалдаса босана**

**Агвалиса МухIамад Загьидовас**



**Агъвали - Гьигьихъ цIибахъараб шагьранух**

**Колонка прокурора**

## Как вернуть часть денежных средств, потраченных на приобретение лекарств

В соответствии со статьей 219 Налогового кодекса Российской Федерации налогоплательщик имеет право на получение социального налогового вычета в размере стоимости лекарственных препаратов, назначенных им лечащим врачом и приобретаемых налогоплательщиком за счет собственных средств.

Вместе с тем, вычет ограничен 13 процент от 120 000 рублей. То есть, если налогоплательщик на приобретение лекарств потратил за год более указанной суммы, то вернут ему все равно не больше 15 600 рублей.

Необходимо также учесть, что в сумму 120 000 рублей входят также расходы на обучение, повышение квалификации, медицинские услуги и др.

Получить социальный налоговый вычет по расходам на покупку лекарств можно одним из двух способов:

- по окончании года подать в налоговый орган налоговую декларацию 3-НДФЛ и подтверждающие документы;

-до конца года можно получить в налоговом органе уведомление о подтверждении права на социальный налоговый вычет, с которым обратиться к своему работодателю с той целью, чтобы бухгалтерия не удерживала НДФЛ из заработной платы работника до тех пор, пока последний не получит весь вычет.

В обоих случаях необходимо представить подтверждающие документы, к которым относятся: рецептурный бланк и платежные документы (кассовые чеки, приходно-кассовые ордера, платежные поручения и др.).

**Ильяс Вакилов**, прокурор района

### Исполнение бюджета администрации сельского поселения «сельсовет Эчединский» за 2019 г.

(тыс. руб.)

| № п/п | Наименование показателей | 2019 год (сумма) | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | Назна-чено | Уточн. назнач. | Испол-нение | % ис-полн. |
| | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| | Собственные доходы: | | | | |
| 1 | Налог на дох. физ. лиц | 20,8 | 20,8 | 23,0 | 110,6 |
| 2 | Земельный налог | 26,6 | 26,6 | 17,7 | 66,5 |
| 3 | Налог на имущества | 30,6 | 30,6 | 31,9 | 104,2 |
| 4 | Прочие неналоговые доходы | 2,3 | 2,3 | | |
| 5 | Сельхоз налог | 3,6 | 3,6 | 12,8 | |
| | **Итого собственные доходы** | 83,9 | 83,9 | 85,4 | 101,8 |
| | **Трансферты** | | | | |
| 1 | Объем дотаций | 1823,8 | 2000,4 | 2000,4 | 100,0 |
| 2 | Субвен.регист.актов ЗАГСа | 7,5 | 7,5 | 7,5 | |
| 3 | Субвен. ВУС | 87,0 | 87,0 | 87,0 | 100,0 |
| 4 | Стихия | | | | |
| 5 | на нач. года | | 77,0 | | |
| | **Итого** | 1918,3 | 2171,9 | 2094,9 | 96,5 |
| | **Всего доходов** | 2002,2 | 2255,8 | 2180,3 | 96,7 |
| | **Расходы:** | | | | |
| 1 | Аппарат | **1073,2** | **1312,6** | **1236,7** | 94,2 |
| | в т.ч. зарплата | 676,0 | 732,0 | 727,8 | 99,4 |
| 2 | Проведение выборов | | | | |
| 3 | Резервный фонд | | | | |
| 4 | ЗАГС | 7,5 | 7,5 | **7,5** | 100,0 |
| 5 | ВУС | **87,0** | **87,0** | **87,0** | 100,0 |
| | в т.ч. зарплата | 67,0 | 67,0 | 67,0 | 100,0 |
| 6 | ЖКХ | 358,5 | **358,5** | **352,7** | 98,4 |
| 7 | Молодёжная политика | | | | |
| 8 | Культура | **461,0** | **475,2** | **459,6** | 96,7 |
| | в т.ч. зарплата | 267,0 | 277,9 | 274,5 | 98,8 |
| 9 | ФК и спорт | **15,0** | **15,0** | **15,0** | 100,0 |
| | Стихия | | | | |
| | **Всего расходов** | 2002,2 | 2255,8 | 2158,5 | 95,7 |
| | в т.ч. зарплата | 1010,0 | 1076,9 | 1069,3 | 99,3 |

**Глава сельского поселения «сельсовет Эчединский»** **А. Курамагомедов**

## ЕГЭялъул расписание

26 маялда РФялъул Лъай кьеялъул министерствоялъ тасдикъ гьабуна ЕГЭялъул расписание.

29 ва 30 июналда букIине буго хIалбихьиялъулаб ЕГЭ, ай гьеб кьоялъ экзамен къабул гьабулел пунктазда цIалдохъаби рукIине гьечIо.

Выпускниказ экзамен кьезе буго

3 июлалда-географиялъулги, адабияталъулги, информатикаялъулги.

6 ва 7 июлалда букIине буго гIурус мацIалъул ЕГЭ,

10 июлалда-профилияб математикаялъул,

13 июлалда-историялъул ва физикаялъул,

16 июлалда-обществознаниялъулги химиялъулги,

20 июлалда-биологиялъулги къватIисел улкабазул мацIазул кIалзулаб бутIаги,

23 июлалда-къватIисел улкабазул мацIазул кIалзулаб бутIа.

ЧIезарун руго резервалъул кьоялги:

24 июль (киналго экзаменазе, гIурус ва къватIисел улкабазул мацIал хутIизегIан) ва 25 июль- киналго экзаменазе.

## Дистанционные сервисы газовых компаний

В период самоизоляции жители республики стали чаще пользоваться дистанционными сервисами газовых компаний.

Дистанционная оплата газа в «Личном кабинете абонента» на сайте компании «Газпром межрегионгаз Махачкала», в приложении «МойГаз» завоевывает новых сторонников. 36 343 абонента – потребителей газа в Республике Дагестан перешли на удобное дистанционное управление своими лицевыми счетами. Потребителям газа с начала действия режима самоизоляции было предложено максимально использовать дистанционный метод взаимодействия с сотрудниками газовых компаний, чтобы минимизировать риски распространения заболевания, вызываемого новым коронавирусом.

Зарегистрированные в Личном кабинете пользователи уже оценили плюсы такого способа управления: возможность самостоятельно контролировать историю платежей и передавать показания счётчика, производить оплату онлайн и всё это в удобное для абонента время с любого компьютера, планшета, смартфона, имеющего выход в Интернет. Все производимые оплаты через «Личный кабинет» проходят без комиссии.

Количество тех, кто выбрал современное управление счётом, по сравнению с общим числом абонентов газовой компании в республике пока невелико, но их ряды пополняются ежедневно. Специалисты «Газпром межрегионгаз Махачкала» рекомендуют потребителям газа переход на безналичные платежи посредством удобного сервиса.

Поскольку посещение абонентов контролерами с целью проверки газовых счетчиков прекращено, с 20 апреля до окончания карантинных мероприятий, в целях недопущения планово-нормативных начислений, абоненты могут передать показания по телефонам районных территориальных участков (абонентских пунктов).

Получить информацию о состоянии лицевого счета, произвести оплату, просмотреть начисления и передать показания приборов учета потребленного газа — при помощи сервиса «Личный кабинет», перейдя по ссылке www.мойгаз.смородина.онлайн. Версия личного кабинета доступна и в виде мобильных приложений на платформах iOS и Android. Поисковый запрос для скачивания -«Мой ГАЗ».

Данный интернет-сервис отвечает главному требованию времени – максимальной простоте в использовании и экономии времени потребителя. Кроме того, оплатить за газ можно через онлайн-сервисы банков, которыми потребители газа традиционно пользуются.

**Пресс-служба ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

"ЦIумадисезул гьаракь" газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго редакциялъул ветеран

**МухIамадов ХIажимухIамад**

къадаралде щвеялда бан гьесул гIагарлъиялда. Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги.

"ЦIумадисезул гьаракь" газеталъул редакциялъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго МухIамадшапи ЖахIбаровасда гьесул хирияй яц

**Зайнаб**

къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тIойитIун ятаги.

Шава росдал администрациялъул ва школалъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабун зигара балеб буго МухIамадшапи ЖахIбаровасда гьесул яц

**Зайнаб**

къадаралде щвеялда бан. Аллагьас иманалда тIойитIун ятаги

## Пашманаб хабар



30 маялда гIумруялдаса ватIалъана лъикIав инсан, жамгIияв хIаракатчи ГIумар МухIамадрасулов.

ГIумар гьавуна 1962 соналъ Лъондода росулъ. Гьесул жигараб гIахьаллъи букIунаан районалъул жамгIияб гIумруялъулъ ва районалъул социалияб рахъ цебетIезабиялъулъ. Гьев вищун вукIана лъабабилеб ва ункъабилеб ахIиялъул районалъул Собраниялъул депутатлъун.

Районалъул администрациялъ ва депутатазул Собраниялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ГIумарил хъизан-лъималазда, гIагарлъиялда ва Лъондода росдал жамагIаталда.

Аллагьас иманалда тIовитIун ватаги.

. . . . . . . .

Лъондодаса ГIумар, гIажаибаб каламалъул, хасаб рилълъиналъул, гьаб дунял гьуинлъиялъе, гьалъул кьогIлъи лъангутIиялъе, диеги, нус-нус гьалмагълъиялъеги дару-сабаблъун ккарав. РекIел тохтир гIадинав, гьелъул щибаб кIутIиги - кьабиги, иманалдаги - адабалдаги бухьарав тIоцеве вихьарасда, гьадинав чигийищ, гьаб пайда гьечIеб дунялалда данде чIвалевилан абун жив кколев. Садакъа-хайраталъе, квер кисиниб лъовухъе вукIунев, мажгит -къулгIаялъе сахаватлъи камилав, кивго рагIарав, кивго къабулав. Нижеца гьесда абхазалъул ГIумарилан абулаан. Гьениб гIолохъанлъи ана гьесул. Дол, улкаялъе хIинкъи бугел 90 - абилел соназда, нилъер гIолохъабазул мугъчIвалеб кьуру гIадинав чи вукIана гьев. Хьулал, къасдал, хIисабал, унго нужеда букIунеб божилъиги къасдги.. Лъидаха ракIалде ккелеб букIараб, чодул гIадинаб хехлъиялъул, цIиркъил гIадинаб къвакIиялъул, гьесул лага-черх чвархъун ккелилан. Мун ана, гьалдолеб роол къодул авалалда, иналда цеве, гьенире ине киназего рес щвечIониги, хирияб ракьалда гIумраги тIубан. Къо-мех лъикI, нижер ракIалъулги къасдалъулги вац, шагьидасул хвел щун арав ватаги. Мун кидаго, нижер дугIадулъгинигаталъулъги хутIила даим. Алжаналъул агьлулъунги гьавеги мун! АМИН!

**М-Р. ШайхмухIамадов,**
Хасавюрт шагьар

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна
2-52-92

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.
Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, I «А»

Тираж - 1676
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru